

PlusOne | Serious Revision

Shona



AVAILABLE
IN LEADING
BOOKSHOPS
ACROSS ZIMBABWE!
or contact us at;
(SBP Book Publishers).
WhatsApp or Call 078 895
4870 071 699 0774
0712 560 870

Grade

7

Revision
Guide

New Curriculum
With
Answers

Ropofadzo Mupunga

Plus One | Serious Revision

Shona

Grade 7 Revision Guide

(with answers)

Ropofadzo Mupunga



Ancorts of the schools curricula

Zviri Mukati

Chikamu 1: Zvinotarisirwa pabvunzo dzerugwaro rwechinomwe dzeZIMSEC	1
Chikamu 2: Rondedzero.....	6
1. Rondedzero yenhoroondo	7
2. Rondedzero yetsanangudzo	8
3. Rondedzero yetsumo.....	8
4. Rondedzero yemhan'arwa	9
5. Rondedzero yehurukuro.....	11
6. Rondedzero yedetembo.....	12
7. Rondedzero yemufananidzo.....	13
8. Rondedzero yenhaurwa.....	14
9. Rondedzero yetsamba kuhama kana kushamwari	15
10. Rondedzero yetsamba yebasa	16
Chikamu 3: Nzwisiso nepfupiso.....	19
A. Kupindura mibvunzo yenzwisiso.....	21
B. Nzwisiso yehurukuro.....	22
C. Nzwisiso yetsamba kuhama kana kushamwari	23
D. Nzwisiso yenhetembo	24
E. Nzwisiso yetsamba yebasa	26
F. Nzwisiso yegirafu	27
G. Nzwisiso yetafura.....	28
H. Nzwisiso yemhan'arwa	30
Pfupiso.....	31
Chikamu 4: Mutauro.....	36
1. Tsumo.....	36
2. Madimikira.....	40
3. Nyaudzosingwi	44
4. Zvimiso nezviperengo.....	47
5. Fananidzo	52
6. Zvirahwe	54
7. Zviito.....	55
8. Mazwi anoreva zvakasiyana, zvakafanana uye anopikisana	59
9. Mazita	63
10. Ushoma neuzhinji	68
11. Tsika dzedu.....	71

BVUNZO DZECHISHONA

Bvunzo 1	79
Bvunzo 2	88
Bvunzo 3	95
Bvunzo 4	103
Bvunzo 5	110
Bvunzo 6	117
Bvunzo 7	124
Bvunzo 8	131
Bvunzo 9	138
Bvunzo 10	145
Bvunzo 11	152
Bvunzo 12	159
Bvunzo 13	166
Bvunzo 14	173
Bvunzo 15	180
Mhinduro	187
Chikamu 3	187
Chikamu 4	189
Mhinduro Dzebvunzo	200

ZVINOTARISIRWA PABVUNZO DZERUGWARO RWECHINOMWE DZEZIMSEC

Nhanganyaya

Bhuku rino richange richibatsira vadzidzi nekuvadzidzisa zvinotarisirwa pabvunzo dzeruGwaro rweChinomwe dzeZIMSEC. Richabudisa pachena mhosho dzinoitwa nevana dzinokonzena kuti vasabudirire pabvunzo dzavo nezvingaitwe kупедза dambudzikо iri. Richabatsira vadzidzi nekuvapa ruzivo rwemanyorerwe erondedzero dzemhando dzakasiyana-siyana. Richabudisa pachena ruzivo rwemapindurirwe enzwisiso nepfupiso. Richapa vadzidzi unyanzvi hwemapindurirwe emutauro weChiShona wakasiyana-siyana. Richapa vadzidzi bvunzo dzemhando dzinonyorwa dzeZIMSEC pamwe nekupa mhinduro kubasa riri mubhuku iri zvinoenderana neBumbiro reChiShona.

Bvunzo dzeZIMSEC dzamuchamunyora kupera kwegore dzichange dzine mapepa maviri anoti bepa rekutanga nebepta rechipiri.

Bepa rekutanga (Paper 1)

Bepa iri richanyorwa munguva inoita awa imwe chete nemaminitsi makumi matatu. Chekutanga unofanira kuverenga mirairo inenge iri pabepa iri usati watanga kunyora.

Bepa iri richange rine mibvunzo makumi mana ine mhinduro dzinosarudza. Mubvunzo wega wega unenge une mhinduro ina dzinoti A. B. C. neD. Kana wasarudza mhinduro yakakodzera unokwizira muchibhokisi chakanangana nevara rawasarudza uchishandisa penzera sezviri pamufananidzo wemapinduriro uripo pabepa. Mubepa iri munenge mune ndima dzenzwisiso nhatu nemibvunzo yenzwisiso inosvika misere kana mipfumbamwe panzwisiso imwe neimwe. Verenga nzwisiso kaviri kana katatu usati wapindura mibvunzo. Paunenge wave kupindura mibvunzo yenzwisiso unokurudzirwa kudzokerazve kundima yenzwisiso wozotsvaka mhinduro. Zvino chisarudza mhinduro yakakodzera pane dzakapiwa. Kwizira muchibhokisi chakanangana nevara rawasarudza pabepa rekupindurira mibvunzo.

Bepa iri rine mimwe mibvunzo yemutauro. Mutauro unosanganisira tsumo, madimikira, nyaudzosingwi, fananidzo, mazita, zviito, mazwi anoreva zvakafanana, mazwi anoreva zvinopikisana, zvinongedzo, zvimiso nezvimirwa. Unokurudzirwa kunyatsoverenga mubvunzo unzwisiso zvaunenge wabvunzwa usati wapindura. Nhamba imwe inofanira kuve nemhinduro imwe chete. Kana wapedza kupa mhinduro, dzokorora basa rako kana pachine nguva. Ona kuti mhinduro dzawakwizira dzinosvika makumi mana. Enderana nenguva kwete kuzotadza kупедза bvunzo. Usarivara.

Kushandisa mavara makuru kana madiki pasipo imhosho huru semuenzaniso:

- (a) Mukuru wechikoro chedu ndivamutasa. Unoti: **Mukuru wechikoro chedu ndiVaMutasa.**
- (b) Ainge abva kubotswana. Unoti: **Ainge abva kuBotswana.**
- (c) Wainge uri Musi weMugovera. Unonyora seizvi: **Wainge uri musi weMugovera.**
- (d) Sekuru vake vanoera moyo dhewa. Unoti: **Sekuru vake vanoera Moyo Dhewa.**

Kunyora mitsetse isina painotangira kana kugumira imhosho huru. Kunyora mazwi asingaverengeki imhosho huru sekuti:

vzxfndga, dankxvb nemamwe.

Kurasika musoro kana kunyora zvinopesana nemusoro imhosho huru. Mhosho dzese idzi dzinenge dzichibvisirwa zvibodzwa saka ngatingwarire tirege kuita mhosho dzakawanda kuti tisabvisirwa zvibodzwa zvizhinji.

(ii) Mhosho diki

Mhosho idzi dzinosanganisira kushandisa rurimi rwechitorwa sokuti:

- (a) Takanwa madrinks. Unofanira kuti: Takanwa zvinwiwa zvinotonhorera.
- (b) Takadya mapotatoes. Unoti: Takadya mbatatisi kana kuti takadya magwiri.
- (c) Ndakapfeka trousers. Tinoti: Ndakapfeka mudhebhe.
- (d) Ndakadya masweets. Tinofanira kuti: Takadya zvihwitsi.

Mavara anomirira mazwi haashandisi murondedzero sokuti:

- (a) Grain Marketing Board (GMB) unoti dura rezvirimwa.
- (b) Cotton Marketing Board (CMB) unoti dura redonje.
- (c) Members of Parliament (MP) unoti nhengo yeparamende.

Mashoko emutauro wechimanje manje haabvumirwi murondendero sokuti:

- (a) Ndeipi unoti **mhoroi**.
- (b) Akaelewa unoti **akadhakwa**.
- (c) Ndakashamula unoti **ndakaenda**.
- (d) Akakita unoti **akafa**.
- (e) Ndakakushita unofanira kuti **ndakavata**.

Kunyora manhamba murondedzero imhosho diki sokuti:

- (a) Taive tiri 10. Unofanira kuti: **Taive tiri gumi**.
- (b) Pamusha pedu pane mombe 35. Unoti: **Pamusha pedu pane mombe makumi matatu neshanu**.
- (c) Takawana masaga 18 enzungu. Unoti: **Takawana masaga gumi nemasere enzungu**.
- (d) VaMurefu vane makwai 100. Unoti: **VaMurefu vane makwai zana**.
- (e) Gore rino takawana mabhero 80 edonje. Unoti: **Gore rino takawana mabhero makumi masere edonje**.

Mhosho huru nediki dzikawandisa murondedzero dzinoita kuti mamakisi abviswe mazhinji zvokonzera kukonewa. Zvakakosha kuti udzokorore basa rako kana nguva ichiri kutendera uchigadzirisa mhosho dzaunenge waita. Unofanira kudzokorora basa rako kana uchinge wapedza zvese chikamu chekutanga nechechipiri.

Kurondedzera kugona kutsanangura musoro waunenge wapiwa uchigona kuruka kubva pazvakatangira kusvika pazvakaperera, pfungwa dzichiyerera semvura yemurwizi.

Rondedzero dzine mhando dzinoti nhoroondo, tsanangudzo, mhan'arwa, hurukuro, nhaurwa, tsamba yebasa uye tsamba kuhama kana kushamwari.

Rondedzero ine chimiro chinoti:

- (a) Nhanganyaya kana mavambo
- (b) Mutumbi
- (c) Mhedziso

Kunyora rondedzero zvakanaka

Kana uchida kuva nyanzvi yekunyora rondedzero tevedzera pfungwa idzi:

- (i) Sarudza musoro waune zvizhinji zvaunoziva pamusoro pawo uye waunonzwisisa.
- (ii) Nyora pfungwa dzinouya mumusoro mako dzinoenderana nemusoro wawapiwa.
- (iii) Ronga pfungwa idzi nenzira inoita kuti nyaya yako ierere zvakanaka kubva pekutanga kusvika pekupedzisira.
- (iv) Tsvaka nhanganyaya inobata musoro werondedzero. Nhanganyaya ngaive pfupi. Ngaive inonakidza kuitira kukwezva muverengi kuti ade kuverenga rondedzero yako.
- (v) Paunonyora mutumbi isa pfungwa dzako muzvikamu. Pfungwa ngadzitevedzane neudzamu hwadzo.
- (vi) Isa zvirungamtauro zvakaita setsumo, madimikira, nyaudzosingwi nefananidzo pakakodzera.
- (vii) Nyora muChiShona chete kwete Chirungu. Chero manhamba ngaanyorwe muChiShona kunze kwezuva negore sokuti 23 Ndira 2015.
- (viii) Zvirevo zvako ngazvitange nevara guru zvichipedzisira nechimiso.
- (ix) Isa zvimiso pakakodzera.
- (x) Nyora mhedziso inogutsa inopendra nyaya yawanyora nezvayo. Mhedziso ngaive pfupi. Tevedzera mazwi awakanzi usvitse.

Kana ukanyora misoro iyi nemavara madiki, unotara. Ukanyora nemavara makuru hautari. Aya ndiwo mavambo emhan'arwa asi pashure paizvo unotarisirwa kuti unyore semanyorere anongoitwa dzimwe rondonedzero semuenzaniso:

Nyora mhan'arwa kumukuru wechikoro chenyu uchimutsanangurira mafambiro amakaita muchienda kune imwe nzvimbo inoyevedza yamakashanyira sechikoro.

Ronga pfungwa dzako seizvi:

- Zuva.
- Takaenda nei?
- Nzvimbo yatakashanyira.
- Zvii zvatakaona?
- Zvii zvatakanzwa?
- Zvii zvatakadzidza?
- Kukosha kwekushanya.

ZUVA 20 Gumiguru 2019

KUNA Mukuru wechikoro

NZVIMBO Hwiru School

MUSORO Mafambiro atakaita tichienda kunzvimbo inoyevedza sechikoro

Ndanyora mhan'arwa iyi ndichida kukuzivisai mafambiro atakaita tichiinda kuMasvingo eZimbabwe musi wa15 Gumiguru 2019.

Takaenda nedutavanhu rekwaMukumba. Taive tiri vadzidzi makumi matanhatu nevarairidzi gumi. Takafamba zvakanaka kusvika kunzvimbo iyi iri kuMasvingo.

Takagamuchirwa nemufaro nevashandi vepaMasvingo eZimbabwe. Takashamisa nekuona zvivakwa zvematombo ega pasina dhaka. Zvivakwa izvi zvinonzi zvakavakwa neVaShona vaive naMambo wavo wainzi Munhumutapa.

Takainda mumiziyemu umo matakaratidza midziyo yaishandisa neVaShona pasichigare. Takaona hari, tswanda, nhekwe, duri nemutswi. VaShona vaive mhizha. Ndivo vaigadzira midziyo iyi. Takaratidzana uta, miseve, mapfumo netsvimbo zvaishandisa neVaShona pakurwa. Takaratidza dare iro raitongerwa mhosva namambo.

Takaona nzvimbo inoitirwa mitambo yakasiyana-siyana semhande, ngororombe, muchongoyo nemimwe.

Takazopiwa zvokudya ndokuzodzokera zuva rogara miti. Chitsva chiri murutsoka. Takadzidza nekuona zvakawanda paMasvingo eZimbabwe.

Kuturaирwa hunyimwa sembare dzekumusana. Zvaida kuti mumwe nemumwe aendeko anozvionera.

Yakanyorwa

naTatenda Gotore

Sarudza musoro waunoda ugonyora mhan'arwa ine mutumbi une mazwi zana nemakumi maviri.

1. Nyora mhan'arwa kumukuru wechitoro uchimutsanangurira mabatirwo awakaitwa nemushandi wake.
2. Nyora mhan'arwa kumukuru wemapurisa uchimutsanangurira kushungurudzwa kuri kuitwa vana munzvimbo menuy.

Ziva paumire,
Indai kuchipatara kunoongororwa,
Muongororwe ropa muzive,
Muzive kana mune utachiona,
Mabatwa inwai mapiritsi,
Tevedzerai dzidziso yachiremba.

Zvokudya zvinovaka muvir,
Zvokudya zvinopa simba,
Zvokudya zvinodzivirira zvirwere,
Ngatidye zvose tave varwere,
Ngatitambe mitambo
Ngatichengetedze utano.
Kuti tisasiya nyika.

Sarudza musoro mumwe chete ugonyora detembo rine mazwi zana nemakumi maviri.

Nyora detembo rine musoro unoti;


1. Ivhu
2. Miti upenu
3. Mari
4. Dzidzo inhaka youpenyu
5. Mvura musimboti wopenyu

7. Rondedzero yemifananidzo

Unogona kupiwa mifananidzo yemhuka setsuro negudo, kamba, shumba nedzimwe.

Unogona kupiwa mufananidzo wevanhu vari kuita mabasa akasiyana-siyana wonzi unyore rungano uchishandisa mifananidzo iyi. Unofanira kuruka chero rungano rwaunoda runoenderana nemifananidzo iripo.

Ipa rungano runoenderana nemifananidzo iyi.




3.



4.



5.



8. Rondedzero yenhaulwa

Iyi imhando yerondedzero yakanangana nekupa ruzivo kugungano revanhu. Chakakosha kuve neruzivo rwezvaunoda kutaura pamusoro pazvo. Tanga nezvinokosha munhaulwa yako. Usarasike musoro. Ziva kuti uri kunyora pamusoro pei.

Pamavambo enhaurwa unokwazisa vanenge vari pagungano iri nekubudisa chinangwa cheungano iyi. Unozivisa vanhu vaenzi varipo nepapfupi.

Mumutumbi munonyorwa pfungwa huru dzakakosha dzamaunganira. Pfungwa imwe neimwe ngaiiswe mundima mayo woitsanangura zvinogutsa. Mhedziso yenhaulwa inofanira kuve kutenda vauya kugungano iri. Tevedzera mazwi awanzi usvitse anove zana nemakumi maviri.

Heunoi muenzaniso wenhaurwa:

Toti uri mutungamiriri wevana pachikoro penyu. Nyora nhaurwa yaungape kugungano revabereki pamusoro pematambudziko ari pachikoro penyu nezvingaitwe kупедза matambudziko aya.

Ronga pfungwa dzako seizvi:

Kunetsa kwemvura. Ngapave nechibhorani kana pombi.

Makombiyuta mashoma. Ngaatsvakwe.

Mabhuku mashoma. Tengerai vana mabhuku.

Matenga ave kubvinza mvura inonaya. Ngaagadziriswe.

Nzwisiso chidzidzo chinoita kuti mudzidzi anzwisise zvaanenge averenga agokwanisa kupindura mibvunzo. Nzwisiso inogona kuve nyaya, nhetembo, tsamba, hurukuro, mepu, girafu kana zvimwewo zvinyorwa zvakasiyana-siyana.

YEUCHIDZO

Maitirwo enzwisiso ndeaya:

- (i) Verenga ndima katatu. Kekutanga ndekekunza zvinoreva nyaya. Kechipiri ndekekuti unzwisise nyaya iyi nemibvunzo irimo. Kechitatu unenge wava kutsvaka mhinduro dzemibvunzo.
- (ii) Mhinduro dzako ngadzijekese zvinodiwa nemubvunzo kwete kupoterera usingabudi pachena.
- (iii) Isa manhamba sezvaari pabepa remibvunzo kwete kunyora zvako wega. Ronga mhinduro dzako dzichipindirana nenhamba dzemibvunzo.
- (iv) Pindura mibvunzo nezvirevo zvakazara.
- (v) Tanga chirevo nevara guru wopedzisa chirevo nechimiso.
- (vi) Kana uchidoma zvinhu zvinodarika zviviri isa chifemo (,) sekuti: Mwana akauya namai, baba, mbuya nasekuru.
- (vii) Nyora zviperengo zvakanaka. Mazita ari mundima ngaanyorwe sezvaari mundima kwete kushandura zviperengo.
- (viii) Ziva batanidzo nepatsanuro yemazwi ugonyora mazwi zvakanaka.
- (ix) Panenge pachida kutsanangura izwi, tsumo, nyaudzosingwi kana dimikira shandisa mazwi ako pachako zvchienderana nemubvunzo.
- (x) Nyora basa rakachena uye kana wapedza dzokorora basa rako uchigadzirisa mhosho.

Nzwisiso yenaya

Muenzaniso wenzwisiso ndeuyu:

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo nezvirevo zvakazara.

Kunze kwainge kwakati dhuma nemakore apo mbuya vaGamuchirai vakakaruka vati pindikiti muimba yekubikira. Zvavakaona imomo zvakavagura mapfupa. Vakaramba vakati ndee kuchikuva vachiita sevainge varasika. Vakaushamisa muromo wavo ndokutanga kuti, “Baba vangu Shava iwe. Chii chaitika mumba muno nhai veduwee! Ndiri kuresva kuona kani? Nhaiwe Gamuchirai muzukuru wangu, ko, ndiani aputsa shambakodzi yangu yanga iri pachikuva apa?”

4. Ndechipi chipfeko chaiita madhora makumi masere?
5. Mai Gwatidzo vakanengesa shangu nenguwanu zvose zvabatanidzwa zvakaita marii?
6. Nguwanu nehembe zvakaita marii pazvakatengeswa zvese?
7. Nguwanu nejuzi zvakaita marii zvatengeswa panguva imwe chete?
8. Juzi raidhura zvakadii kudarika nguwanu?
9. Hembe yaidhura zvakadii kudarika nguwanu?
10. Ndeupi musiyano uripo pakati pemutengo weshangu nenguwanu?

H

Nzwisiso yemhan'arwa

Verenga mhan'arwa iyi ugopindura mibvunzo inotevera.

ZUVA: 26 Zvita 2018

KUNA: Mukuru wemapurisa

NZVIMBO: House No. 286 Kuwadzana Harare

MUSORO: Zuva ratakabirwa pamba pedu

Ndanyora mhan'arwa iyi ndichida kukutsanangurirai zvakaitika musi watacabirwa pamba pedu.

Wainge uri musi wa25 Zvita 2018 apo tainge taswera tichifara. Waive musi wekisimusi . Takanonoka kurara tichidya zvinonaka nekunwa zvinwiwa zvinotonhorera. Vakuru vainwa hwahwa. Tainge tichiridza mimhanzi yaanaJah Prayzah, Fungisai Zvakavapano Mashavave, Zhakata, Chimbetu, Macheso nevamwe vaimbi tichijaivha zvedu.

Takazovata nenguva dzegumi neimwe. Sevanhu vase vaneta nekutandara uye kutamba mimhanzi takavata zvekutadza kupepuwa. Zuva ramangwana acho rakazoti vhuu tichiri mumachira. Ini ndini ndakatanga kumuka.

Hana yangu yakati tsemu apo ndakaona mukova wemumba matairara wakashama. Ndakaona wadhiropu isina kana nhumbi. Hen'a dzainge dzakarembira dzisina kana nhumbi. Ndakamhanyisa maziso paive nekombiyuta yangu wanike zvese zvaoneka ndakaita sendairota. Ndakazoona kuti ndainge ndakasvinura.

Ndakambotsinzinya maziso kwekanguva ndokuzoti hwai hwai meso wanike zvandainge ndaona zvainge zviri zvechokwadi.

Ndakaita sendavhiringika njere ndokumhanya ndakananga muimba yokutandara. Ndakasvikobata muromo ndichiona chivhitivhiti nedzimudzangara zvisipo. Ndakabva ndati mhere kwetsu yakamutsa vanhu vese vaive mumba umu. Vakamhanya vachiuya kuzoona kuti chii chainge chaitika. Vose vakatyorwa mapfupa nezvavainge vaona.

Takazoona kuti mbavha idzi dzainge dzavhura mukova dzichishandisa simbi ndokupinda isu tiri kutsi kwehope. Dzakakanganwa simbi yadzakavhurisa mukova mumba. Mbavha idzi dzakaba nhumbi, nharembozha mbiri, chivhitivhiti, dzimudzangara nemachaja maviri enhare. Takarwadziwa zuva iri. Takaswera takangoti una una mhuri yese.

Mbavha idzi hadzisati dzabatwa uye hapana watiri kufungira. Ndinokumbirawo kuti mutibatsire kutsvaka mbavha idzi. Tingafare zvikuru kana mukadzibata.

Yakanyorwa

naTinorumbidza Gandidze

1. Mhan'arwa iyi yakanyorerwa ani?
 A. Nharembozha.
 C. Tinorumbidza Gandidze.
 B. Mukuru wemapurisa.
 D. VaGandidze.
2. Tinorumbidza aigarepi?
 A. KuKuwadzana
 C. KuDangamvura
 B. KuMbizo
 D. KuRujeko
3. Vakabirwa ava vakarara nguvai?
 A. Nguva dzepfumbamwe
 C. Nguva dzegumi neimwe
 B. Nguva dzegumi
 D. Nguva dzegumi nembir
4. Zvinhu zvingani zvakabiwa muimba yokutandara?
 A. Chimwe B. Zvitatu C. Zvina D. Zviviri
5. Chii chakashandisa nembavha kuvhura mukova?
 A. Injere B. Isimbi C. Inhumbi D. Ihen'a
6. Vakabirwa nharembozha ngani?
 A. Imwe B. Shanu C. Nhatu D. Mbiri
7. Chii chakaita kuti vanonoke kurara?
 A. Vainge vakaneta.
 C. Vainge vabva rwendo.
 B. Vainge vachitandara vachidya nokunwa.
 D. Vainge vasina hope.
8. Nemhaka yei vakatadza kunzwa mbavha idzi?
 A. Vakafafaidzwa mushonga.
 C. Vakarara zvekutadza kupepuka nekuneta.
 B. Vakange vasipo.
 D. Vakavhundusirwa nembavha.
9. Ndeipi nyaudzosingwi iri mundima inoreva kubuda kwezuva?
 A. Vhuu B. Una una C. Kwetsu D. Tsemu
10. Chii chakarovesa hana yomunyori?
 A. Imbavha dzainge dziripo.
 C. Vanhu vainge vakavata.
 B. Zuva rainge rabuda.
 D. Mukova wainge wakashama.

PFUPISO

Pfupiso kunyora nyaya nepapfupi uchitora pfungwa huru dziri mundima. Zvidzidzo zvepfupiso zvinobatsira vadzidzi kuti vazogona kuva vapepeti venhau mumapepanhau, mumadzimudzangara uye muzvivhitivhiti.

Zvinotarisirwa pakunyora pfupiso.

- (i) Unokurudzirwa kuverenga ndima ruviri kana rutatu kuti uinzwisise usati wapindura mibvunzo.
- (ii) Sarudza pfungwa huru mundima yawapiwa.
- (iii) Pfungwa huru idzi ngadzirongwe zvinoyerera uye dzichitevedzana semaitikiro akaita zviitiko zviri mundima.
- (iv) Pfungwa huru idzi dzibatanidze ugobudisa ndima inova ndiyo pfupiso.
- (v) Mupfupiso unotarisirwa kunyora zvirevo zvizere.
- (vi) Unotarisirwa kunyora pfupiso yako munguva yekare.
- (vii) Hatishandisi zvirungamutauro zvakaita setsumo, madimikira, fananidzo zvirahwe nenyaudzosingwi mupfupiso.
- (viii) Mupfupiso haubvumirwi kuisa zvinyora kana kuti “ ”.
- (ix) Shandisa mazwi ako kwete emunyori kana wanzwisisa zwawaverenga.
- (x) Nyora uwandu hwemazwi awashandisa asi usanyepa. Usadaridza mazwi awakanzi usvitse.

ZVIRUNGAMUTAURO

1. TSUMO

Tsumo mutauro wakadzama une ungwaru pamusoro pekudy, mabasa, mhuka, nguva nezvimwewo. Pasichigare tsumo dzairaira, dzaitsiura uye dzaiva chombo chekutonga matare.

Heinoi mienzaniso yetsumo:

- (a) Ihwiza yomutenda inogochwa yakabatwa gumbo.
- (b) Apunyaira haashayi misodzi.
- (c) Kure kwegava ndokusina mutsubvu kune mutsubvu rinofa rasvika.
- (d) Kare haagari ari kare.
- (e) Ndambakuudzwa akaonekwa nembonje pahuma.

A

Kuzadzisa tsumo

Zadzisa tsumo idzi.

1. Mombe yetsiru _____.
2. _____ mvura yeguchu haiorerwi.
3. Chitiyo kupinda muzai _____.
4. _____ zizi harifi nemhepo.
5. Chimedza matore _____.
6. _____ rinozosimudza musoro rawana.
7. Chidembo hachivhiyiwi _____.
8. _____ unovinga shiri.
9. Mapudzi anowira _____.
10. _____ chareva.

Tsumo dzinopikisana itsumo dzinoreva zvakapesana semuenzaniso:

- (a) Kurera imbwa nemukaka mangwana inofuma yokuruma. – *Chirere mangwana chigokurerawo.*
- (b) Rugare tange nhamo. – *Murombo haarovi chine nguwo.*
- (c) Zingizi gonyera pamwe maruva enyika haaperi. – *Kuteya mariva wanza rimwe rinofuma rakabata rimwe rakapotsa.*
- (d) Mbeva zhinji hadzina marise. – *Chara chimwe hachitswanyi inda.*

Ndeipi tsumo inopikisana neiyi?

1. Kunzi pakata handi kunzi ridza.
 - A. Pabva zino panosara vende.
 - C. Mwana washe muranda kumwe.
 - B. Mombe yekuronzera kama wakaringa nzira.
 - D. Manga chena inoparira parere nhema.
2. Kuzvara komumwe ndekwako.
 - A. Motsi haarwirwi.
 - C. Ndomene haichemedzi.
 - B. Chako ndechako kuseva unosiya muto.
 - D. Nhamo yemumwe hairambirwi sadza.
3. Mwana asingachemi anofira mumberekko.
 - A. Mugoti unopiwa anyerere.
 - C. Tsuro haiponi rutsva kaviri.
 - B. Seri kweguva hakuna muteuro.
 - D. Dai ndakaziva haitungamiri.
4. Mbudzi kudya mufenje hufana nyina.
 - A. Tsitsi dzinotsitsirira.
 - C. Kufana vhudzi handiwo ukama.
 - B. Chirere mangwana chigokurerawo.
 - D. Kukanya hurangana.
5. Chafamba kamwe hachiteiwi.
 - A. Mwana washe muranda kumwe.
 - C. Nzombe huru yakabva mukurerwa.
 - B. Kugona mbavha huirongera.
 - D. Chaitemura chave kuseva.
6. Pfavira ngoma usiku urefu.
 - A. Kugona mbavha huirongera.
 - C. Kakara kununa hudya kamwe.
 - B. Totenda dzamwa dzaswera nebenzi.
 - D. Chinono chine ingwe bere rakadya richifamba.
7. Pashure penzara maguta.
 - A. Zano ndega akapisa jira.
 - C. Nherera inoguta musi unofa mai vayo.
 - B. Rume risinganyepi hariroori.
 - D. Zviuya hazviwanani.
8. Rume risinganyepi hariroori.
 - A. Chembere mhenzi yakabva paupwere.
 - C. Gudo guru peta muswe kuti vadiki vakutye.
 - B. Akanga nyimo avangarara.
 - D. Chokwadi hachiputsi ukama.
9. Zviuya hazvidondani.
 - A. Hapana mutunhu usina mago.
 - C. Chisingaperi chinoshura.
 - B. Dzinonanzvana dzakanuna.
 - D. Simba mukaka rinosinira.
10. Mvura bvongodzeki ndiyo garani.
 - A. Zviuya zviri mberi.
 - C. Kusvora mbodza neinozvimbira.
 - B. Hapana mukuyu unovinga shiri.
 - D. Yadeuka yadeuka mvura yomuguchu haiorereki.

3. NYAUDZOSINGWI

Nyaudzosingwi mazwi anoratidza maitikiro echinhu kana kuti mataridzikiro echinhu semuenzaniso:

Maitikiro – Akati kwetsu mhere yerufu.
Akanzi nembama waa.
Akati tana kuramba mhosva.

Mataridzikiro – Denga rainge rakati dhuma nemakore.
Kunze kwainge kwakasviba kuti ndoo.
Nhengeni dzainge dzakati piriviri mumuti.

A Kushandisa nyaudzosingwi muzvirevo

Shandisa nyaudzosingwi idzi muzvirevo.

1. tande
2. pfacha
3. dzatu
4. kutu
5. dzvutu
6. tumbi
7. togo
8. ndure
9. tekeshe
10. gwindiri

B Kuzadzisa zvirevo nenyaudzosingwi

Unokwanisa kuzadzisa zvirevo nenyaudzosingwi seizvi:

- (a) Mheni yakati vare kupenya.
- (b) Akadonhesa ndiro ikati gwegwendere.
- (c) Ainge ati rukutu kuneta apo ainge aswera achiita basa.
- (d) Mazino ake akati weke kuchena.


Zadzisa nenyaudzosingwi inokodzera.

1. Akatora bute ndokuti _____ kusvuta.
A. fee B. kwee C. pwititi D. kwetsu
2. Risaiakanzi _____ nenyuchi padama.
A. tibvu B. tasa C. ndure D. nyamu
3. Moto wakaiswa maguri ukati _____ kubaka.
A. ngandu B. gada C. nyandu D. waya
4. Akati _____ kufunga nhamo dzake.
A. kwetsu B. hutu C. cheu D. dhuu

5. Vadzidzi vakati dungwe _____ kuenda kumutaro.
 A. chechetere B. rongondo C. torododo D. nyandu
6. Motokari yakati _____ kuenda.
 A. tande B. toro C. hutu D. mwanda
7. Tendai ainge akati _____ kutsamwa.
 A. bvuu B. toro C. tande D. shutu
8. Imbwa yakarohwa nemotokari ndiye _____ kufa.
 A. tasa B. toro C. nyakata D. gada
9. Misodzi yakati _____ pamatama.
 A. ware B. gude C. mokoto D. pote
10. Muviri wangu wati _____ neziya.
 A. mokoto B. nyakata C. rakata D. kata

C

Nyaudzosingwi dzakadzokororwa



Kata kata

Unogona kupiwa nyaudzosingwi dzakadzokororwa wonzi udzishandise muzvirevo. Unodzishandisa seizvi:

- (a) Mwenga akaramba akati tsiki tsiki kutarisa pasi.
- (b) Mbuya vakaisa bute muruoko ndiye kwee kwee kurisvuta.
- (c) Vakange vakati kota kota vachisakura mubindu.
- (d) Misodzi yake yakati ngara ngara mumaziso.
- (e) Akati kumu kumu hembe apo ainge arumwa nesvosve.

Zadzisa zvirevo zvinotevera nenyaudzosingwi yakakodzera.

1. Mheni yakati _____ kupenya.
2. Mai vakati _____ zvimvura mupoto.
3. Sekuru vakati _____ kufuka jira nemumusoro.
4. Zorodzai akati _____ kukwira mumuti.

4. ZVIMISO NEZVIPERENGO

Zvimiso nezviperengo zvakakosha pakunyora nzwisiso, pfupiso, mutauro nerondedzero. Zvimiso zvinofanira kuiswa pakakodzera mumitsara. Zviperengo zvinofanira kunyorwa zvakanaka. Kutadza kuisa zvimiso pakakodzera uye kutadza zviperengo imhosho huru muzvidzidzo zveChiShona.

Mhando dzezvimiso

(i) Chimiso kana chindaguma

Ichi chimiso chinoiswa panoperera mutsara somuenzaniso:

- (a) Nhasi ndabudirira pamutambo wenhabvu.
- (b) Ndainge ndigere mubvute remutondo.
- (c) Tese ngatiwirirane tigodzidza zvakanaka.
- (d) Ndinoda kubudirira paruGwaro rweChinomwe.
- (e) Usakanganwa kuisa chimiso panoperera chirevo.

(ii) Chibvunzo

Chimiso ichi chinoshandisa panoperera chirevo chemubvunzo sokuti:

- (a) Chirwere ichi chichapera rini nhai veduwee?
- (b) Ndiani ari kunyora basa iri?
- (c) Unoda kuzoita basa rei kana wakura?
- (d) Mudzidzisi wako ndiani?
- (e) Nemhaka yei usina kuuya kuchikoro neMuvhuro?

(iii) Chifemo

Ichi chimiso chinoshandisa panombomira munhu kutaura mutsara usati wapera sokuti:

- (a) Ko, wakamuroverei nhai iwe?

Chinoshandazve panodomwa zvinhu zvakawanda sokuti:

- (a) Ndinofarira sadza, mubooma, hove, nyama yehuku nematapura.
- (b) Aifamba munzira naMakaita, Chenai, Tapera, Ruzvidzo naRerai.
- (c) Atenga chingwa, mabbanana, munyu, tsvigiri nemazai.
- (d) Vakarima chibage, mhunga, rukweza, nyimo uye nzungu.
- (e) Zvirwere zvanetsa ikovhidhi, mukondombera, marariya negomarara.

(iv) Chituravhunduko, Chikuwo kana Kahadziko

Chimiso ichi chinoshandisa patinokwidza izwi tashamisika kana kukahadzika uye patinodaidzira semuenzaniso:

- (a) A-a! Maiwe kani!
- (b) Hokoyo nenyoka!
- (c) Yuwi zvangu!
- (d) Yowe-e kani!
- (e) A-a! Manenji aya!

5. FANANIDZO



Anomhanya kunge tsuro

Fananidzo kutodzamisa zviito kana chimiro chemunhu nechemhuka kana chimwe chisikwa semuenzaniso:

- (a) Ane mahobi seegudo.
- (b) Ane hope sedzedahwa.
- (c) Mwana uyu anomhanya kunge tsuro.
- (d) Amai ava vanoimba kunge shiri.
- (e) Musikana uyu ane hanganwa sedzegunguwo.

A

Kuzadzisa zvirevo nefananidzo

Zadzisa zvirevo zvinotevera nefananidzo yakakodzera.

1. Ane chinono seche _____.
2. Paakaona nyoka akabvunda kunge _____ ruri mumvura.
3. Vanhu vange vakawanda se _____.
4. Mai ava vane utsvina sehwe _____.
5. Anoshanduka-shanduka se _____.
6. Mazuvano ndakasimba kunge _____.
7. Upenyu hwake hwakatanga kuvava se _____.
8. Akanzwa izwi raidzvova se _____.
9. Miromo yaMaidei yainge yakanuna se _____.
10. Nyachide uyu anodiwa nemurume kunge _____.

dohwe
njanji

nguruve
masvosve

kamba
shumba

rutsanga
mhiripiri

rwaiwhi
mari

Nzvimbo dzine mazita sokuti:

- (a) Imba isina denga inonzi chongo.
- (b) Musha wakatamiwa unonzi dongo.
- (c) N'ombe dzinogara mudanga.
- (d) Imba inorara mai nababa inonzi sikiro.
- (e) Panobikirwa doro panonzi pabikiro.

Sarudza mhinduro yakakodzera.

1. Imba yavasikana inonzi _____.
 A. gota B. nhanga C. hozi D. dura
2. Makudo anorara mu _____.
 A. nhanga B. gomo C. chiro D. munda
3. Shiri dzinoitira mazai mu _____.
 A. imba B. dendere C. nhundu D. chirugu
4. Imba inorara vakomana inonzi _____.
 A. sikiro B. hozi C. nhanga D. gota
5. Vanhu vekare vaigara mu _____.
 A. gomo B. bako C. dzimba D. gota
6. Kare madzishe aivigwa mu _____.
 A. chiro B. guva C. muti D. ninga
7. Nzvimbo ine miti nebundo shoma izere nejecha inonzi _____.
 A. gura B. gwenga C. gombo D. nhivi
8. Nzvimbo iri pakati pemakomo inonzi _____.
 A. gwenga B. mupata C. dondo D. jiri
9. Nzvimbo huru ine mvura inonzi _____.
 A. tsime B. chitubu C. pombi D. nyanza
10. Imba inogara vanhu vachirinda makudo inonzi _____.
 A. dura B. tsapi C. chirindo D. hozi

Pamutambo uyu unotarisirwa kucherekedza mifananidzo yaunenge wapiwa wosarudza chinenge chakasiyana nezvimbwe uchipa chikonzero semuenzaniso:



D. ndiyo yakasiyana nezvimbwe nokuti zvimbwe zvakaenzana. D. chazoita chihombe kudarika zvimbwe.


Vana vechikoro chinonzi Gona veruGwaro rweChinomwe vakaimba rwiyo runonzi,

Gumbe kumbewe kumbi.

Kamutambo kari pano kamutambo.

Hekani Moyo, Shava, Gumbo, Mbizi ...

Vaidana mitupo yakasiyana-siyana vanoera mitupo iyi vachisimuka. Mudzidzisi akaverenga vana vaisimuka achivaisa pagirafu sezivi:



Pindura mibvunzo inotevera neChiShona semuenzaniso:

- (a) Vana vanoera shoko igumi nevashanu.
 (b) Tikabatanidza vana vanoera Beta nevanoera Shumba vose vanoita makumi mana.

1. Ndeupi mutupo une vana vakawanda?
2. Ndeupi mutupo une vana vashoma?
3. Ndeupi mutupo une vana makumi maviri nevashanu?
4. Ndeupi mutupo unoerwa nevana makumi matatu nevashanu?
5. Vana vangani vanoera Gumbo?
6. Vana vangani vanoera Beta?
7. Tikabatanidza vana vanoera Gumbo nevanoera Shoko vose vangani?
8. Vana vanoera Shumba vakabatanidza nevanoera Shoko vanoita vangani?
9. Tikabatanidza vana vanoera Beta, Gumbo neShoko vose vangani?
10. Tikabatanidza vana vanoera Shumba neMoyo tobvisa vana gumi, kunosara vangani?

D Tsika dzedu – Mazwi anoshandiswa panzvimbo dzakasiyana–siyana

Mutsika dzedu dzeVaShona pane mazwi anoshandiswa achienderana nezviitiko uye nenzvimbo. Mazwi aya anotaridza kuzvirereka, rukudzo uye kubatana nevanhu venzvimbo iyoyo.

10. Pamusoroi.
- Uchitaura pagungano revanhu.
 - Uchisvika pane vanoita basa.
 - Uchisvika padare.
 - Uchisvika pamusha.

Shandisa mazwi akapihwa pasi pemibvunzo ugotaura kuti ungati kudii kana:

- Uchisvika padare.
- Zvipfuyo zvwanga uchifudza zvadya mumunda mevanhu.
- Mumwe munhu akakuti, "Pachipamwe."
- Munhu akakuti, "Makorokoto."
- Mumwe munhu akakuti, "Nematambudziko."
- Baba vako vachienda kunokwira dutavanhu kuenda kune imwe nyika.
- Baba vabva kunovhima vauya vakabata nyama yemhuka.
- Wapiwa mari nehamu yako.
- Uchisvika pari kuitwa basa.
- Uchitanga kutaura nevanhu pagungano.

Pamusoroi

Pamweni

Maita basa

Vadzimba

Vabati

Mufambe zvakanaka

Vechivara


Aonekwa

Ndine urombo

Tava tose

E

Midziyo yepasichigare



Kare vanhu vaitswa zviyo muduri vachishandisa mutswi

Kare vanhu vaishandisa midziyo yakasiyana-siyana kuita mabasa semuenzaniso:

- Hwedza mudziyo waikamirwa mukaka.
- Hodzeko mudziyo waikodzekerwa mukaka.
- Musika waisikiswa sadza.
- Mugwaku waiburiswa sadza.
- Denhe raiisirwa upfu.

GRADE 7 EXAMINATION PRACTICE 1

CHISHONA

704/1

PEPA 1

Nguva: Awa nemaminitsi makumi mana nemashanu

MIRAIRO KUVANYORI

- Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
- Pindura mibvunzo yose pabepa rekupindurira mibvunzo.

YEUCHIDZO KUVANYORI

1. Dzikamisa hana yako uchiziva kuti bvunzo idzi dzinobva muzvidzidzo zvamakadzidza. Usavhunduka.
2. Verenga mirairo yose iri pabepa remubvunzo usati wapindura mibvunzo.
3. Pausina kunzwisia mirairo bvunza mudzidzisi.
4. Kana wanzi uchivhura bepa rebvunzo chimboongorora bvunzo yose uchiona kuti mibvunzo yacho yakamira sei.
5. Panenge pane nzwisiso verenga katatu wozopindura mibvunzo yako uchiitsvaka mundima yawapiwa.
6. Tsvaga mhinduro inokodzera pane dzakapiwa wokwizira nepenzera zvinyoro-nyoro pabepa rokupindurira mibvunzo rawapiwa. Ona kuti zviri kuenderana nhamba yemubvunzo neyemhinduro.
7. Kana wapedza kukwizira zvinyoro-nyoro dzokorora basa rako zvine udzamu uchigadzirisa pawakanganisa pakanaka siya pakasvibira. Pausina chokwadi napo pasiye.
8. Dzokorora nhamba dzausina chokwadi nadzo uchibva wakwizira.
9. Dzokorora basa rako uchiona kuti nhamba dzose dzakakwizirwa nemhinduro chaiyo.
10. Ona kuti basa rako rakachena, harina tsvina.

VERENGA NYAYA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Musiiwa akati ndee nhumbi dzaakanga apiwa nevekereke moyo wake uchibva wati nyevenu. “Chokwadi kuita sevafembera kuti kubva zvakashaika vabereki vangu makore matatu apfuura handina kuzombopfeka nhumbi itsva. Panhumbi dzavandipa hapana kana yakabvaruka. Dzese nhumbi idzi ndedzezera rangu. Inga vaita zvavo vanachireranherera vanorera nedzevamwe.”

Akatanga kuedza nhumbi imwe neimwe achida kuona kana dzainge dzichimukwana. Mwanakomana akati nyechu kunyemwerera achiona kuti nhumbi idzi dzaimukwana. Nhumbi idzi dzainge dziri dzezera rake. Akatenda zvikuru nechromumoyo make. “Vanhu ava vane rudo zvechokwadi. Ndiani hama yangu akambondipa zvipfeko kubva zvashaya vabereki vangu? Idzi ndidzo hama dzangu chaidzo.”

Sekuru vake VaMugozhi vakabva vati pfacha kusvika. “Wadziwanepi nhumbi idzi?” VaMugozhi vakabvunza Musiiwa. “Ndapiwa nevamwe varume vauya kuzoita munamoto pano. Vawanika musipo. Vatondipa nemari iyiyavati ndizobhadhara kuchikoro.” Akapindura Musiiwa.

VaMugozhi vakati hatu mari iya ndiye pfee muhomwe. Vainge vatoronga zvokuimwisa hwahwa. Vakatora nhumbi dziye ndiye tande nadzo kugomba remarara. Vakakwenya machisa ndiye tunge. Pasina nguva nhumbi

ZADZISA NENZWI RINOKODZERA.

12. Musiwi akati _____ kufunga nhamo dzake.
A. mwiro B. nyechu C. dhuu D. pfuu
13. Pakapiswa nhumbi moto wakati _____.
A. piti piti B. ngandu ngandu
C. tasa tasa D. ware ware
14. VaMugozhi vakati _____ kuenda kudoro nemari yaMusiwi.
A. tende B. zete
C. toro D. tande

VERENGA TSAMBA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Somabhula School

Post Office Box 128

Kadoma

21 Kukadzi 2020

Wadiwa Mukoma

Ndanyora tsamba iyi ndichida kukuzivisai kuti kuno kumusha baba vakapara mhosva. Mukoma Tapera, handina romuromo pane zvakaitika kuno.

Baba vakanzwa imbwa dzichihukura usiku vakafunga kuti chikara chauya pamusha. Imbwa dzakahukura kwenguva refu kusvika baba vafunga zvekuona kuti chingave chii. Vakati warawashu kumuka ndokubuda panze.

Vakapotsera dombo kwaihukura imbwa ndokunzwa izwi rakati, “Shamwari wandiuraya.” Pavakasvika pedyo vachizobatidza tochi vakaona inga ndisahwira wavo VaMupini. VaMupini vainge vakati rabada muguvি reropa.

Zvipfeko zvavo zvainge zvakati piriviri neropa. Baba vakabuda ziya usiku ihwohwo. Vakandituma kunochera mvura ndichibva ndauya nemugomo wemvura. Baba vakadira mugomo wese wemvura pana VaMupini asi ropa rainge richierera semvura yemurwizi. Izvi zvakatigura mapfupa. Baba vainge vongobvunda serushanga ruri mumvura. Ini ndakashaya remuromo. Zvaisiririsa kunzwa murume mukuru achiboorera semombe.

Takamutsa amai mumachira mavainge vatorovera matama pasi ndokuita chipatapata nhaka yemakonzo kutsvaka motokari yekuenda nayo kuchipatara. Apo ropa raingoerera semvura yemurukova. Takazovatakura nemotokari yaVaNgwaru. Tisati tasvika kuchipatara VaMupini vakati pfau pfau ndiye sarai.

Isu takatozoviziva kuti vashaika tasvika kuchipatara. Vana mukoti vakavati baa ndokutiudza kuti munhu watainge tauya naye ainge asiya nyika. Baba vakaita sevavhiringika njere nokuti vainge votaura vega vachiti, “Wati ndaita seiko nhai shamwari Mupini?”

Kuturaudai takanzi tibvise mombe makumi maviri dzinotsika. Kuti vavigwe takatobvisa mombe gumi.

Munofara here? Tose kuno hatina mufaro nezvakaitika izvi.

Wenyu munin’ina

Tauya

- Hondo: Tisvikewo vepano!
- VaMadombi: Svikai.
- Hondo: Ndavirirwaho, ndinotsvaka pekuvata.
- VaMadombi: Mabva nekupi? Mungatiudzawo kuti ndimi ani nokuti hatizivani.
- Hondo: Ndiri mwana wenu. Tisu tiri kukurwirai. Ndarasana nevamwe vangu patasangana nevachena murwizi Shashe. Taridzirana pfuti zvokuti vamwe vatosiya nyemba ipapo. Ini ndaita zvekugweva nedumbu mumauswa ndichitiza muvengi. Ndapona nepaburi retsono saka mukandiwanira pekuvata munenge mandigonera chaizvo. Izvozvi mumusoro mangu ihope dzega. Ndaneta nekurwa hondo. Tiri kukurwirai hondo iyi kuti ivhu ridzokere kwatiri isu vatema.
- VaMadombi: Inga zvawasangana nazvo zvakaoma mwanangu. Tinoda kukutendai nebara ramuri kuita rekusunungura nyika iyo yakapambwa nevarungu. Musaneta kurwira rusununguko rwenyika yedu. Tinosvika riini tichitongwa nevapambevhava? Tinoda kuti nyika idzokere kuvatema. Chiregai ndiinde nemi kwasabhuku ndinovazivisa kuti taita muenzi. Ndinoitira kuti mukawana chinokuanai sabhuku vasazonidipa mhosva yekuti handina kuvazivisa.

Vanotorana voenda kwaSabhuku Mahachi. Sabhuku vanogamuchira Hondo vomuudza kuti arare zvake akasununguka sezvo vaitsigira basa raiitwa nevarwi verusununguko rekurwisa vachena avo vainge vapamba nyika yeZimbabwe.

Sabhuku Mahachi vanozotenda VaMadombi nekugona kugamuchira gamba iri uye nekuuya naro pamba pavo. Sabhuku naVaMadombi vanozoparadzana sabhuku vachidzokera kunorara, VaMadombi vachienda kumba kwavo. Hondo anorara zvakanaka pamba paSabhuku Mahachi.

28. Nderupi rwizi rwataurwa mundima?

- A. Shashe B. Gidi C. Nyemba D. Hondo

29. Hondo airwira _____.

- A. mabhunu B. varungu C. vatema D. maChina

30. Hondo airwa hondo yechimurenga _____.

- A. chekutanga B. chechipiri C. chechitatu D. chechina

31. Zvinorevei kuti vatosiya nyemba?

- A. Vatoenda B. Vatofara C. Vatofa D. Vatotiza

32. Chii chinonzi gidi?

- A. Idemo B. Ipfumo C. Ibadza D. Ipfuti

33. Zheweza zvinorevei _____.

- A. kufarisa B. kunyarara C. ruzha D. runyararo

34. Ndiani airwira rusununguko mundima?

- A. NdiVaMadombi B. NdiHondo C. NdiSabhuku D. NdiVaMahachi

35. Sabhuku vainzi ani?

- A. VaMadombi B. Hondo C. VaGidi D. VaMahachi

GRADE 7 EXAMINATION PRACTICE 1

CHISHONA

704/2

PEPA 2

Nguva: Awa nemaminitsi makumi mana nemashanu

MIRAIRO KUVANYORI

- Pindura mibvunzo neChiShona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.
- Unotarisirwa kutora awa rimwe chete pachikamu chokutanga uye maminitsi makumi mana nemashanu pachikamu chechipiri.
- Pindura mubvunzo mumwe chete pachikamu chokutanga ugopindura yosepachikamu chechipiri.

YEUCHIDZO KUVANYORI

Rondedzero

1. Usavhura bepa usati waudzwa kuti uvhure nevanokunyoresa. Tora awa rimwe chete pabepa iri.
2. Kana wanzi uvhure bepa, verenga misoro yese yaunenge wapiwa wosarudza musoro mumwe chete waunonzwisia uye waune zvakawanda zvokunyora pamusoro pavo.
3. Verenga kechipiri musoro wawasarudza kuti unyatsonzwisia zvinodiwa nemusoro uyu. Yeuka kuti ronderedzero inonyorwa ichitanga nenhanganyaya kouya mutumbi kopedzisira mhedziso.
4. Nyora pfungwa uchidziisa muurongwa hunoti nhanganyaya, mutumbi nemhedziso.
5. Nyora ChiShona chizere usingaisi Chirungu. Chero manhamba ngaanyorwe neChiShona kunze kwezuva negore.
6. Nyora zvirevo zvizere uchitanga nevara guru.
7. Yeuka kuissa zvimiso pakakodzera.
8. Nyora ronderedzero yako ine urefu hwunodiwa. Usapfupikisa kana kurebesa. Iva pakati nepakati.
9. Kana iri tsamba ziva mhando yetsamba yawasarudza ugotevedzera zvinodiwa patsamba iyi.
10. Kana wasarudza hurukuro kana mhan'arwa ziva manyorerwe erondedzero idzi wonyora saizvozvo.
11. Kana wapedza kunyora ronderedzero yako iverenge uchigadzirisa mhosho. Kana wakanganisa shoko, cheka pakati paro zvakachenya nechitariso wonyora raunoda pamusoro. Gadzirisa zviperengo nezvimiso.
12. Ona kuti basa rako rakachena. Usanyora uchisvibisa kana kucheka-cheka.

Nzwisiso

1. Tora maminitsi makumi mana nemashanu uri pachikamu ichi. Verenga nyaya yako katatu.
2. Nyora zvirevo zvizere pamhinduro dzako. Paunopa mhinduro dzokera kundima.
3. Tanga chirevo nevara guru wopedzisa nechimiso.
4. Kana zvikanzi utsanangure zvinoreva izwi unofanira kuritsanangura nemazwi ako pachako zvichienderana nemashandisirwo eizwi iri mundima.

5. Isa zvimiso pakakodzera.
6. Mamakisi akakomberedzwa kumucheto wemubvunzo wega wega anoratidza uremu hwemubvunzo iwoyo.
7. Isa manhamba anoenderana nemanhamba ari pabepa remubvunzo.
8. Usati waendesa bepa rako dzokorora basa rako uchigadzirisa mhosho.

CHIKAMU CHEKUTANGA: RONDEDZERO (MAMAKISI 20)

Sarudza musoro mumwe chete pane inotevera. Zvino chinyora muChiShona chakanaka, ronderedzero kana hurukuro ine mazwi **zana nemakumi maviri**. Ukasarudza tsamba, mutumbi wayo, ngauve nemazwi **zana nemakumi maviri**.

1. Rondedzero mhemberero yawakaona.
2. Nyora tsamba kumukuru wezveutano uchimutsanangurira chirwere chanetsa munzvimbo maunogara.
3. Nyora hurukuro pakati pemudzidzisi nemwana anorova vamwe kuchikoro.
4. Nyora mhan'arwa kumukuru wemapurisa yemapazirwe akaitwa chitoro chenuy nembavha.
5. Rondedzera kukosha kwemhuka.

CHIKAMU CHECHIPIRI: NZWISISO NEPFUPISO (MAMAKISI 10)

Verenga ndima inotevera ugopindura mibvunzo yakapihwa nezvirevo zvizere.

VaMhofu vainge vase vakinadzi vashanu nevana gumi nevasere. Vakataura sevane muti mudama vanaSorojena pavakati mbeva zhinji hadzina marise. Kunyangwe zvavo vainge vari hurudza, pamba pavo paisadyiwa rinopisa.

Musha waVaMhofu waive musha webopoto nemadzivo. Vakinadzi vavo nevana vavo ungati vainge vaenda kuchikoro chekutukana nekurovana. Vakinadzi vavo vaigara vachiudzana magaramoyo.

Vana vainge vasingawirirani. Vaigara vachitukana zvekuudzana uroyi chailwo. Kana zviri zvibhakera vana vacho vaiita sokuti vakaenda kuchikoro chemangoromera. Pamba apa paigara pane mhirizhonga yaitotadzisa vavakidzani kuita mabasa vachivanunura. Mumwe nemumwe mudzimai aimira nevana vake. Hapana ainzwa zvaireva mumwe mukadzi.

VaMhofu vakamboedza kubatanidza mhuri yavo asi zvakakona n'anga murapwa achida. Rimwe zuva mukadzi wavo wechipiri Masibanda akapopotedzana nemukadzi wavo wechina Magumbo maererano okuti Masibanda ainge achiti Magumbo ndiye ainge amubira murivo wake mubindu remushandirapamwe.

Magumbo aitiwo Masibanda aive muroyi nokuti aigara achimuona achida kumuuraya kuhope. Vakinadzi ava vakaudzana meno amire. Vakaita sevachakurura nguwo vachitukana. Vakatozonunurwa nevavakidzani voda kutobvisana maziso.

Muvakidzani wavo Mai Hwingwiri vakavaudza kuti bopoto harivaki musha. Rinopesanisa vanhu nekukonzera ruvengo. Rinoita kuti vanhu vashaye mutsigo nechiremerera munharaunda yavanenge vagere. Vakavaudza kuti vadzidze kugadzirisa dambudziko rinenge rakonzera bopoto pane kutukana nekurovana. Vakati zvaitove nane kutsvaka munhu aizovayananisa pane zvavanenge vakonana pane kuswera vachitukana nekurovana.

GRADE 7 EXAMINATION PRACTICE 2

CHISHONA

704/1

PAPER 1

Nguva: Awa nemaminitsi makumi mana nemashanu

MIRAIRO KUVANYORI

- Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
- Pindura mibvunzo yose pabepa rekupindurira mibvunzo.

VERENGA NYAYA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Kwaivepo nevasikana vashanu. Vasikana ava vakaenda kunodzura mitsvairo musango reSvazva. Sango iri rainge rakati chakata nemitsvairo. Rainge richizivikanwa nezvieraera. Zvimwe zvezvieraera zvaive musango iri zvainge zviri zvekuti ukashora michero kana zvime we zvaive musango iri waiswera uchitetereka nesango iri.

Vanhu vaitarisirwa kusanyanya kutaurisa vachitsoropodza zvaive musango iri. Vasikana ava vakatanga kudzura mitsvairo vachiita zvavo nyaya musango iri. Vainge vachiedza kuchengetedza mitemo yesango. Vasikana vakadzura mitsvairo kusvika vagutsikana kuti mitsvairo yavaida zuva iroro yainge yakwana.

Sekai, mumwe wevasikana ava akagumburwa nedombo ndokutadza kufamba. Akaudza vamwe vasikana kuti ainge asingachagoni kufamba kuti vadzokere kumba. Rudo, Chipo, Vimbai naMukai vakanyengerana kudzokera kumba kwavo vachisiya Sekai ari oga musango.

Sekai akati tsvabi tsvabi ndiye gwe padombo asingachagoni kufamba. Akatanga kufunga kuti upenyu hwake hwainge hwave kuzoperera musango iri sezvo rainge rizere zvikara. Akafunga kuti ndiani aizomununura kana aisangana nezvikara.

Akatanga kufunga mai vake avo vaigara vachimuudza kuti asafarira kuenda musango asina munhu mukuru. Dai ainge akateerera mai vake aidei asina kuuya musango iri nevasikana ava. Dai ndakaziva haitungamiri. Mwanasikana akazvidya moyo. Sezvineiwo pakabva papfuura vamwe baba vainzi VaTorwira.


VaTorwira vaive netsiye nyoro. Vakanzwira Sekai urombo ndokumuvimbisa kuti vaizogara naye semwana wavo vachimuchengeta. VaTorwira vakagara naSekai vachimubata semwana wavo kwemwedzi mina.

Vabereki vaSekai vakazotsvaka mwana wavo ndokumuwanika ari pamusha paVaTorwira. Vakatenda VaTorwira pakuvachenegetera mwana. Sekai akapuwa n'ombe mbiri, mbudzi nhatu nemakwai maviri naVaTorwira. Akazova mufumi apo fuma yaakapiwa yaberekana. Apa ndipo pakaperera sarungano.

1. Chinyorwa chawaverenga ichi chinonzi chii?
A. Nhetembo B. Hurukuro C. Nhaurirano D. Ngano
2. Vasikana vakaenda musango vari vangani?
A. Vaviri B. Vashanu C. Vatatu D. Vana

ONGORORA GIRAFU IRI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Vanhu vakashaika nemanyoka mugore ra2003 mune dzimwe nyika dzezasi kweAfrica vakaiswa pagirafu seizvi:



15. Vanhu vangani vakashaika muBotswana?
A. Makumi masere B. Makumi mashanu
C. Makumi manomwe D. Makumi mana
16. Ndeipi nyika ine vanhu vazhinji vakashaika nemanyoka gore iri?
A. Zimbabwe B. Angola C. Zambia D. Botswana
17. Ndeipi nyika yakashaikira nevanhu vashoma?
A. Angola B. Zimbabwe C. Mozambique D. Zambia
18. Vanhu vangani vakashaika muZambia?
A. Makumi mashanu B. Makumi masere
C. Makumi manomwe D. Makumi matanhatau
19. MuZimbabwe makashaika vanhu vangani nemanyoka gore iri?
A. Zana negumi B. Makumi masere
C. Makumi mapfumbamwe D. Zana nemakumi maviri
20. Ndeipi nyika yakashaikira nevanhu makumi manomwe?
A. Zimbabwe B. Angola C. Mozambique D. Zambia
21. Tikabatanidza vanhu vakashaika kuMozambique neBotswana vese vangani?
A. Makumi manomwe B. Makumi matanhatau
C. Makumi masere D. Zana
22. Tikabatanidza vanhu vakashaya kuZimbabwe neMozambique vese vangani?
A. Zana B. Zana nevashanu
C. Zana nemakumi matanhatau D. Zana nemakumi mashanu

DUDZIRA ZVIRAHWE IZVI.

23. Imba yababa vangu inomira negumbo rimwe.
A. Barwe B. Bhodhoro C. Muti D. Howa

GRADE 7 EXAMINATION PRACTICE 7

CHISHONA

704/2

PEPA 2

Nguva: Awa nemaminitsi makumi mana nemashanu

MIRAIRO KUVANYORI

- Pindura mibvunzo neChiShona chakanaka pabepa rekupindurira mibvunzo.
- Unotarisirwa kutora awa rimwe chete pachikamu chokutanga uye maminitsi makumi mana nemashanu pachikamu chechipiri.
- Pindura mubvunzo mumwe chete pachikamu chokutanga ugopindura yose pachikamu chechipiri.

CHIKAMU CHEKUTANGA: RONDEDZERO (MAMAKISI 20)

Sarudza musoro mumwe chete pane inotevera. Zvino chinyora muChiShona chakanaka, ronderdedzero kana hurukuro ine mazwi **zana nemakumi maviri**. Ukasarudza tsamba, mutumbi wayo ngauve nemazwi **zana nemakumi maviri**.

1. Rondedzera zvawakasangana nazvo mudhorobha.
2. Nyora hurukuro pakati pavatete nemuzukuru maererano nezvipfeko zvamazuva ano.
3. Nyora tsamba kushamwari yako uchiitenda zvipfeko zvayakakupa.
4. Nyora mhan'arwa kumukuru wezveutano uchitaura nezvekurwara kwawakaita mazuva apfuura.
5. Nyora rungano runoenderana nemufananidzo uyu.



GRADE 7 EXAMINATION PRACTICE 13

CHISHONA

704/1

PEPA 1

Nguva: Awa rimwe nemaminiti makumi matatu.

MIRAIRO KUVANYORI

- Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora.
- Pindura mibvunzo yose pabepa rekupindurira mibvunzo.

VERENGA NYAYA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Ivhu musimboti weupenyu. Vanhu vanovakisa dzimba vachishandisa ivhu. Zvirimwa, zvicherwa nezvinomera zvinowanikwa muvhu. Muvhu munogara zvimwe zvipuka zvakaita semajuru, ishwa, tsambarafuta, masvosve, makurwe nezvime. Dai pasina ivhu zvipuka izvi zvingadai zvisina pekugara. Zvivakwa zvakavakirwa pamusoro pevhu.

Ivhu rakakosha muupenyu. Muvhu ndimo matinokwanisa kurima zvirimwa zvinoita kuti tiwane kudya. Kana vanokwanisa kurima zvirimwa zvakasiyana-siyana vanowana goho guru. Vamwe vanotengesa zvirimwa izvi vowana mari. Vanhu vazhinji vabudirira nekuda kwekushandisa ivhu.

Papurazi paVaMurudu kuMhondoro pakaita mbiri yembatatisi. VaMurudu vakarima mbatatisi dzaitora moyo wemunhu wese aipfura nepapurazi apa. Vakarima vachiita zvekudiridzira. VaMurudu nemhuri yavo vaifumobata jongwe muromo vachinoshanda mumunda wembatatisi uyu.

Zvaiti vamwe vanosakura, vamwe vanoisa mufudze mumbatatisi uye vamwe vachidiridzira. Hapana aigarira maoko. Vakatsvaka vashandi vashanu vaivabatsira pabasa iri. Mbatatisi dzavakarima dzakasvika uye dzainge dzichifarirwa nevanhu vazhinji. Vanhu vaiuya kupurazi iri vachizotenga mbatatisi. Dzimwe mbatatisi vakaenda nadzo kumusika weKadoma vakanodzitengesa. VaMurudu vakawana mari zhinji nokuda kwekurima. Vanhu vazhinji vakavayemura zvikuru.

Mugore ra2019 VaMurudu vakatengesa mbatatisi kudhorobha reKadoma vakawana mari zhinji. Vakatenga tarakita nerori. Vakabva vatowedzera vashandi vaizovabatsira pabasa rekurima mbatatisi iri. Vakavakisa chitoro uye imba mudhorobha reKadoma. Vainege vopura nyemba nemusana.

VaMurudu vakaipa mukurumbira wekurima mbatatisi munzvimbio yeMhondoro. Vanhu vese vemunharaunda mavo vaitenga mbatatisi pamba paVaMurudu. Veruzhinji vainge voita ushamwari naVaMurudu nemhuri yavo izvo vachitsvaka kudya. Vamwewo ndiwo vakatevedzera VaMurudu zvekurima mbatatisi vakati hatidi kusarira shure semhana. Kuguta kushanda.

1. VaMurudu vaigara kupi?
A. KuKadoma B. KuHarare C. KuMhondoro D. KuKwekwe
2. Chii chinoratidza kuti VaMurudu vakange vave nemari zhinji?
A. Vakaisa mufudze mumunda. B. Vakatenga tarakita nerori.
C. Vakaenda kudhorobha reKadoma. D. Vakawedzera vashandi.

- 20.** Ndezvipi zvisiri pamutemo zvakaitwa naTakaedzwa?
- Akaenda kunochengetwa vanenge vabva kune dzimwe nyika.
 - Akaregera kuenda kunochengetwa vabva kune dzimwe nyika.
 - Akarwara nechirwere chekovhidhi.
 - Akanyorerwa tsamba.
- 21.** Nemhaka yei vanhu vave kutyira upenyu hwavo?
- Takaedzwa haasi kurwara.
 - Takaedzwa akabva kuSouth Africa.
 - Takaedzwa anogona kuparadzira chirwere kuvanhu.
 - Takaedzwa ane misikanza.
- 22.** Chirwere chekovhidhi chinokonzerwa neutachiona hunonzi chii?
- Marariya
 - Mutemo
 - Upenyu
 - Korona

ZADZISA PAKASHAMA NEZWI RAKAKODZERA.

- 23.** Ndaona _____ ren'ombe richienda kudhibha.
- dutu
 - bakwa
 - gurusvusvu
 - gurumwandira
- 24.** Chengeto akatenga _____ rewaya inobaya.
- dutu
 - dzatsi
 - gurusvusvu
 - sumbu
- 25.** _____ remvura rakaparadza zvivakwa.
- Dzatsi
 - Dutu
 - Gurusvusvu
 - Gurumwandira

MASHOKO ANOTEVERA ANOTURWA KANA ZVAITA SEI?

- 26.** Tisvikewo.
- Kana watsika mumwe usingadi.
 - Kana munhu achisvika pamba pane vanhu.
 - Kana uchikumbira mari.
 - Kana munhu ave kuenda kunorara.
- 27.** Ndine urombo.
- Uchitura pagungano.
 - Wamhanya zvokusiya vamwe vose.
 - Watsika mumwe usingadi.
 - Waguta sadza.
- 28.** Titsike usimbe.
- Waguta sadza.
 - Munhu ave kuenda kunorara.
 - Munhu apedza kudya.
 - Munhu achisvika pachivanze pari kutsvairwa.

TAFURAINOTEVERA INOTARIDZA MAZAI A KANONGWANE VARUME VANAPAMAZUVA MASHANU. ONGORORA TAFURA IYI UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA.

Zuva	VaShoko	VaMoyo	VaShava	VaChuma
Muvhuro	10	8	7	6
Chipiri	12	11	12	13
Chaitatu	18	17	16	14
China	13	14	12	15
Chishanu	5	8	7	6

MHINDURO

CHIKAMU 3

A. Nzwisiso: Tongai naMujubheki

1. Tongai aida kutaura nyaya naMujubheki.
2. Aive nevana vatatu.
3. Aida kumutengesera mwana.
4. Aive nemakore mashanu.
5. Shamwari zvinoreva kuti sahwira.
6. Tongai aive nevana vatatu.
7. Tawanda aiswera kumombe naamai vake.
8. Vaive vari vatanhatu.
9. Aitenga vana achivauraya.
10. Akati mwana uyu auye ari mupenyu.

B. Nzwisiso: Torai

- | | | | |
|------|------|------|-------|
| 1. C | 4. B | 7. A | 10. D |
| 2. D | 5. D | 8. B | |
| 3. C | 6. C | 9. C | |

C. Nzwisiso: Tsamba

1. Kundiso ndiye akanyora tsamba iyi.
2. Akanyorera maiguru tsamba iyi.
3. Kundiso aigara kuJerera kana kuZaka.
4. Akazvarwa musi wa2 Ndira.
5. Muvakidzani wanaKundiso ainzi Mai Mashiri.
6. Shamwari yaKundiso yainzi Anenyasha.
7. Pfacha zvinoreva kusvika.
8. Kundiso ainge akwanisa makore gumi nemaviri.
9. Zvinoreva kuti zvekudya zvainge zvakawanda kana kuti zviri zvizhinji.
10. Kubaira zanhi zvinoreva kuraira kana kuti kupa mazano.

D. Nzwisiso: Nhetembo – Mwaka yegore

- | | | |
|------|------|-------|
| 1. B | | |
| 2. B | 5. D | 8. A |
| 3. D | 6. D | 9. B |
| 4. B | 7. B | 10. C |

E. Nzwisiso: Tsamba yebasa

1. Yakanyorerwa mukuru wemapurisa.
2. Njodzi zvinoreva tsaona.
3. Vanodhakwa vanomhanyisa vasingatevedzi mitemo yemumigwagwa.

GRADE 7 EXAMINATION PAPER 1 ANSWERS

BVUNZO 11	BVUNZO 12	BVUNZO 13	BVUNZO 14	BVUNZO 15
1. D	1. D	1. C	1. C	1. C
2. C	2. C	2. D/B	2. D	2. D
3. B	3. B	3. D	3. B	3. A
4. A	4. C	4. A	4. D	4. B
5. C	5. C	5. B	5. A	5. A
6. A	6. B	6. B	6. C	6. C
7. D	7. A	7. D	7. B	7. D
8. C	8. C	8. D	8. D	8. B
9. B	9. A	9. B	9. D	9. C
10. D	10. D	10. A	10. A	10. A
11. A	11. A	11. D	11. B	11. B
12. C	12. B	12. C	12. D	12. C
13. D	13. D	13. B	13. C	13. A
14. C	14. B	14. C	14. D	14. C
15. C	15. B	15. B	15. D	15. B
16. B	16. C	16. A	16. A	16. C
17. C	17. D	17. B	17. C	17. B
18. D	18. A	18. A	18. B	18. D
19. D	19. C	19. C	19. D	19. A
20. D	20. B	20. B	20. D	20. D
21. C	21. C	21. C	21. A	21. C
22. B	22. B	22. D	22. D	22. C
23. A	23. D	23. C	23. A	23. D
24. B	24. A	24. D	24. C	24. C
25. C	25. C	25. B	25. D	25. D
26. C	26. D	26. B	26. C	26. B
27. D	27. B	27. C	27. B	27. C
28. B	28. C	28. D	28. A	28. B
29. B	29. C	29. D	29. B	29. D
30. A	30. B	30. A	30. D	30. C
31. C	31. A	31. D	31. C	31. B
32. B	32. C	32. C	32. B	32. D
33. D	33. B	33. D	33. B	33. A
34. B	34. D	34. C	34. C	34. D
35. D	35. B	35. B	35. B	35. B
36. A	36. A	36. B	36. D	36. C
37. D	37. B	37. B	37. B	37. B
38. B	38. D	38. C	38. A	38. C
39. C	39. C	39. D	39. B	39. D
40. D	40. A	40. C	40. C	40. C

BVUNZO 1 - PEPA 2

Chikamu chechipiri

1. Vaive nevakadzi vashanu.
2. Ainzi Magumbo.
3. Masibanda aiti Magumbo ainge amubira murivo.
4. Munhu anorima zvikuru ndiye hurudza.
5. Anonzi ane barika.
6. VaMhofu vaive nevakadzi vashanu nevana gumi nevasere. Vakadzi vavo vaigara vachitukana. VaMhofu vaine vasingavagoni. Magumbo naMasibanda vakapopotedzana apo Masibanda aiti Magumbo akaba murivo wake. Magumbo aitiwo Masibanda airoya uye aida kumuuraya. Vakazonunurwa nevavakidzani voda kukuvadzana.

BVUNZO 2 - PEPA 2

Chikamu chechipiri

1. Ruramisai ndiyo shamwari yaNyasha.
2. Aidzidza kuMutorashanga.
3. Akabudirira mumakwikwi ekumhanya.
4. Zvinoreva kuti kumhanya zvikuru.
5. Kutora mukombe kubudirira.
6. Pachikoro pana Nyasha pakaitwa makwikwi ekumhanya. Nyasha akamhanya zvikuru akatora mukombe mushure mekusiya vose vaaikwikwidzana navo. Akasiya vana vose vaaimhanya navo. VaMbengo mudzidzisi waNyasha vakamusimudza vachifara kuti ainge abudirira. Nyasha achaenda mberi nekumhanya uye anotarisira kubudirira zvekare mberi kwaachaenda.

BVUNZO 3 - PEPA 2

Chikamu chechipiri

1. Aive muruGwaro rweChinomwe.
2. VaMachuvaire vaidzidzisa Muzvondiwa.
3. Akasungira tai pachigar.
4. Muzvondiwa akasungira tai yaVaMachuvaire pachigar.
5. Akashandura unhu hwekurara muchikoro.
6. Muzvondiwa aishereketa. VaMachuvaire mudzidzisi wake vakarara muchikoro. Muzvondiwa akavasungira tai pachigar chavainge vagere. Akanyararidza vadzidzi vaida kuseka. VaMachuvaire pavakamuka vakadzipwa netai. Pavakasimuka chigaro chakasimukawo. Vadzidzi vakaseka. VaMachuvaire havana kubvunza ainge avasungirira. Muzvondiwa akakasira kuvasunungura.